Shoko RaMwari Rakauya KumuProfita William Marrion Branham

"Jesu Kristu Ndiye Mwari"

Ichi ndicho chizaruro: Jesu Kristu ndiMwari. Jehovha weTestamente Yekare ndiye Jesu weTestamente Itsva. Kunyangwe zvenyu mukaidza zvakadii, hamugoni kupuruvha kuti kuna vana Mwari VATATU. Asivo zvinotoda chizaruro choMweya Mutsvene kukuitai kuti munzwisise chokwadi chokuti Iye Mumwe chete. Zvinotoda chizaruro kuona kuti Jehovha weTestamente Yekare ndiye Jesu weItsva. Satani wakapinda zvinyoronyoro muchechi ndokupofumadza vanhu kuti vasaona chokwadi ichi. Uyevo pavakapofumadzwa kuti vasachiona, hazvina kutora nguva refu kuti Chechi yeRoma irege zvokubhabhatidza muZita raShe Jesu Kristu.

Ndinobvuma kuti zvinotoda chizaruro chaicho kubva kuMweya Mutsvene kuti tione chokwadi pamusoro poUmwari mazuva ano atiri pakati pokuminamiswa kwakawanda kwaMagwaro. Asi chechi iyo iripo mazuvano, iri kukunda yakavakwa pachizaruro saka tinofanira kuva netariro yokuti Mwari uchazarura chokwadi chaKe kwatiri. Asi, hamutombodi chizaruro panyaya yokubhabhatidza nemvura. Zviripo pachenachena zvokutotarisana nemi mumaziso chaimo. Zvaizokwanisika here kwekanguvana zvako kuti vaapostora vatsauswe pakurayira kwaShe kwakakwana kuti ivo vabhabhatidze muZita raBaba neroMwanakomana neroMweya Mutsvene kuti tigovaona vachiramba kuteerera nohwoni? Vaiziva kuti Zita raiva ani, uye hapana zvapo kana Gwaro rimwe zvaro pavakabhabhatidza neimwevo nzira isiri yomuZita raShe Jesu Kristu. Zivo isingauyi nokudzidziswa ingangokuratidzavo kuti Bhuku raMabasa ichechi mukushanda kwayo, saka kana vakabhabhatidza nenzira iyoyi, zvinoreva kuti ndiyo nzira kwayo yokubhabhatidza. Kana muchifunga kuti izvi zvikukutu, munozofungei nezvizvi? Ani nani akanga asina kunge akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu aitofanirwa kubhabhatidzwa zvakare.

Mabasa 19:1-6 inoti, "Zvino, Aporo achiri paKorinte, Pauro akati, agura namativi enyika okumusoro akasvika Efeso: akawana vamwe vadzidzi, Akati kwavari, Makagamuchira Mweya Mutsvene pakutenda kwenyu here? Vakati kwaari, Kwete hatina kutongonzwa kuti Mweya Mutsvene uripo. Akati, Ko makabhabhatidzwa norubhabhatidzo rwupiko? Vakati, Norubhabhatidzo rwaJohane. Zvino Pauro akati, Johane wakabhabhatidza norubhabhatidzo rwokutendeuka, achiudza vanhu kuti, vatende kuna Iye Unozouya shure kwake, iye, Kristu Jesu. Vakati vazvinzwa izvozvo, vakabhabhatidzwa muZita raShe Jesu. Zvino Pauro wakati aisa maoko ake pamusoro pavo, Mweya Mutsvene wakauya pamusoro pavo; vakataura nendimi vakaporofita." Hezvo. Vanhu vakanaka ava paEfeso vakanga vanzwa pamusoro pokuuya kwaMhesiyasi. Johane wakanga aMuparidza. Vakabhabhatidzirwa kutendeuka pazvivi, vachitarisira KUZOtenda muna Jesu. Asi pari zvino yakanga yava nguva yokutarisa SHURE kuna Jesu kuti vabhabhatidzirwe KUDZIKINURWA pazvivi. Yakanga yava nguva yokugamuchira Mweya Mutsvene. Nokudaro pavakangobhabhatidzwa muZita raShe Jesu Kristu, Pauro akaisa maoko ake pamusoro pavo Mweya Mutsvene ndokubva wauya pavari.

O-o, vadikanwi ava vaiva paEfeso vaiva vanhu vakanaka zvikuru; uye kana paiva nomunhu waikodzera kuti anzwe kuva wakachengeteka, ndivava. Tonderai kuti vakanga vabva kure kwakadii. Vakanga vabva kwose kusvikira pakutambira zvokuuya kwaMhesiyasi. Vakanga vatogadzirira vaMumirira. Asi hamuzi kuona here kuti nyangwe zvazvo zvose izvi zvaiva izvo ivo vakanga vasina kuMuziva? Wakanga atouya akaenda. Vakanga vava kutofanira kuti vabhabhatidzwe muZita raShe Jesu Kristu. Vakanga vava vachifanira kuti vazadzwe noMweya Mutsvene.

Kana makabhabhatidzwa muZita raShe Jesu Kristu, Mwari achakuzadzai noMweya waKe. Ndizvo zvinotaura Shoko. Mabasa 19:6 yataverenga yaiva zadziso yaMabasa 2:38, "Tendeukai, *mumwe nomumwe* wenyu abhabhatidzwe neZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi, mupiwe chipikirwa choMweya Mutsvene." Maona, kuti noMweya Mutsvene, Pauro, akataura zvakafanana nezvakataurwa naPetro noMweya Mutsvene. Zvakataurwa HAZVIGONEKI

kushandurwa. Zvinotosungirwa kuramba zvakadaro kubva paPentekosti kusvikira panobhabhatidzwa musanangurwa wokupedzisira. VaGaratia 1:8 inoti, "Asi kunyange isu, kana mutumwa unobva kudenga, akakuparidzirai imwe evhangeri inopesana neyatinokuparidzirai isu, ngaave wakatukwa."

Zvino vamwe venyu imi veOneness munobhabhatidza zvisirizvo. Munobhabhatidzira vandudzo sokunge kunyudzwa mumvura ndiko kunokuponesai. Kuvandudzwa hakuuyiswi nemvura; ibasa roMweya. Munhu wakatumwa noMweya Mutsvene kurayira achiti, "Tendeukai mumwe nomume wenyu abhabhatidzwe neZita raShe Jesu," haana kutaura kuti mvura inovandudza. Akati chinongova chiratidzo chete chokuva "nehana yakanaka kuna Mwari." Ndizvozvo chete. 1 Petro 3:21 inoti, "Naiwo mufananidzo worubhabhatidzo runokuponesai zvino (rusingarevi kubviswa kwetsvina yenyama, asi kutsvaka hana yakanaka kuna Mwari,) nokumuka kwaJesu Kristu." Ndinozvitenda izvi.

Kana pangava nomumwe une pfungwa dzenhema dzokuti nhoroondo inogona kupuruvha bhabhatidzo yemvura neimwevo nzira isiri yomuZita raShe Jesu Kristu, ini ndinokupaivo zano rokuti muzviverengerevo nhoroondo dzacho kuti muzviwanirevo mega zvirimo. Ichi chinotevera chinyorwa chechokwadi pamusoro peBhabhatidzo yakaitika muRoma muna 100 A.D. chikazonyorwazve muna Zvita 5 1955, muMagazini reTIME sezvachaiva. "Mudhikoni akasimudza ruoko rwake, ndokubva Publius Decius apinda napamusuvo womunobhabhatidzirwa. Marcus Vasca mutengesi wehuni ndiye wakanga akamira mudziva richimusvika muchiuno. Akanga achinyemwerera apo Publius akanga achifamba mudziva nechapadivi pake. 'Unotenda here?' akavhunza achiti. Publius akapindura achiti, 'Ndinotenda.' 'Ndinotenda kuti ruponeso rwangu runobva kuna Jesu Kristu, Wakaroverwa pamuchinjikwa Pontio Pirato ari mutongi. Ndakafa naYe kuti naYe ndigokwanisa kuwana Upenyu Husingaperi.' Zvino akanzwa maoko ane simba achimutsigira paakazviwisira namanhede, ndokunzwa inzwi raMarcus richiti munzeve dzake—'Ndinokubhabhatidza muZita raShe Jesu'—apo mvura yaitonhora yakanga ichimuputira."

Kusvikira chaipo pakazoraswa chokwadi (uye chikasadzoka kusvikira nguva ino yokupedzisira—

zvichireva kubva paNicaea kusvikira panoperera zana ramakore rino ratiri mariri) vaibhabhatidza muZita raShe Jesu Kristu. Asi zvino zvadzoka. Satani haagoni kuramba achidzivisa chizaruro kana Mweya uchida kuchipa.

Hongu, dai kwaiva navaMwari vatatu, mungatobhabhatidzirwa zvenyu Baba, uye Mwanakomana, uye Mweya Mutsvene. Asi CHIZARURO CHAKAPIWA KUNA JOHANE chaiva chokuti kuna MWARI MUMWE CHETE uye kuti Zita raKe ndiSHE JESU KRISTU, uye kuti munobhabhatidzira Mwari MUMWE CHETE chete. Ndosaka Petro aibhabhatidza mabhabhatidzire aakaita paPentekosti. Aisungirwa kumira nechizaruro chinoti, "Zvino imba yose yaIsraeri ngaizive zvakakwana, kuti Mwari wakaita JESU MUMWE CHETE iyeye, Wamakarovera pamuchinjikwa, *ZVOSE* ISHE NAKRISTU." Hoyoka Uyo, "ISHE JESU KRISTU."

Kana Jesu ari 'ZVIVIRI' izvi zvinoti Ishe uye Kristu, saka (Jesu), haAngambovi chimwe chinhu chisiri "Baba, Mwanakomana, uye Mweya Mutsvene" muMunhu MUMWE CHETE anoratidzwa panyama. Izvi *HAKUZI* kuti "Mwari ari muvanhu vatatu, utatu hwakaropafadzwa," asi kuti MWARI MUMWE CHETE, MUNHU MUMWE CHETE ane madunhurirwa makuru matatu, ane zvinzvimbo zvitatu zvinoratidza madunhurirwa awa. Zvinzwe zvakare. Jesu mumwe chete uyu ndiye "ZVESE Ishe naKristu. Ishe (Baba) uye Kristu (Mweya Mutsvene) zvose ndiJesu, nokuti Iye (Jesu) ndiye ZVIVIRI izvi (Ishe uye Kristu).

Kana izvi zvisingatiratidzi chizaruro chechokwadi choUmwari, hapanazve chichachitaridza. Ishe HAAZI mumwezve munhu; Kristu HAAZI mumwezve munhu. Jesu uyu ndiye Ishe Jesu Kristu—MWARI MUMWE CHETE.

Rimwe zuva Firipi wakati kuna Jesu, "Ishe, tiratidzei Baba kuti zvigotiringana." Jesu akati kwaari, "Ndakava newe nguva refu asi hauNdizivi? Waona Ini waona Baba, zvino seiko uchiti, Tiratidzei Baba? Ini naBaba tiri Mumwe." Ndakambozvitaura izvi ndokubva mumwe mukadzi ati, "Chimbomirai zvishoma, Hama Branham, imi nomudzimai wenyu muri munhu mumwe chete."

Ndikati, "Kwete zvakaita saizvozvo."

Akati, "Mati kudii?"

Saka ndakati kwaari, “Uri kundiona here?”

Akati, “Hongu.”

Ndikati, “Mudzimai wangu uri kumuona here?”

Akati, “Kwete.”

Ndikati, “Nokudaro humwe uhwu ndohwemhando yakasiyana, nokuti Iye akati, Kana maona Ini, maona Baba.”

Muprofita wakati kunezenge kune chiedza panguva dzamanheru. Murwiyo makanyorwa kuti:

> “Pachava nechiedza panguva dzamanheru,
> Pachokwadi uchaiwana nzira inoenda mukuhwinya,
> Mumvura, ndicho chiedza nhasi,
> Tichinyikwa muZita raJesu rinokosha.
> Vakuru navadiki, tendeukai kuzvivi zvenyu,
> Zvechokwadi Mweya Mutsvene uchapindamo.
> Chiedza chamanheru chavapo—
> Ichokwadi kuti Mwari naKristu mumwe chete.”

Munguva ichangopfuura ndakanga ndichitaura naRabhi wechiJudha. Akati kwandiri, “Imi vaHedheni hamungakamuri Mwari kuita zvidimbu zvitatu mogoMupa kumuJudha. Tino ruzivo runopfuura izvi.”

Ndakati kwaari, “Ndizvo chaizvo Rabhi, hatikamuri Mwari kumuita zvidimbu zvitatu. Munotenda vaprofita, handiti?”

Akati, “Ndinotenda chose.”

“Munotenda Isaya 9:6 here?”

“Hongu.”

“Muprofita wakanga achitaura pamusoro paani?”

“Mhesiyasi.”

Ndakati, “Mhesiyasi uchava chii chaMwari?”

Akati, “Achava Mwari.”

Ndikati, “Ndizvozvo chaizvo.” Ameni.

Hamungati Mwari vanhu vatatu kana kuti zvidimbu zvitatu. Hamungatauriri muJudha kuti kuna Baba, uye Mwanakomana, uye Mweya Mutsvene. Anobva angokutaurirai ipapo chaipo kuti pfungwa iyi yakabvepi. MaJudha anoziva kuti dzidziso iyi yakaumbwa paKanzuru yeNicene. Ndiko kusaka vachitisvora vachiti tiri vahedheni.

Tinotaura pamusoro paMwari asingashanduki. MaJudha anozvitendavo izvi. Asi chechi yakashandura Mwari wayo asingashanduki kubva pakuva MUMWE kumuita VATATU. Asi chiedza chava kuuyazve panguva dzino dzamanheru. *Zvinoshamisa sei kuti chokwadi ichi chakauya panguva iri kudzokera MaJudha Parestina*. Mwari naKristu munhu MUMWE CHETE. Jesu uyu ndiye ZVOSE ISHE UYE KRISTU.

Johane akava nechizaruro, uye JESU ndiye Chizaruro chacho, uyezve AkaZvibudisa pachena imo muno chaimo muMagwaro—"NDIRI Iye Wakanga Ari, Uyo Ari uye AchazoUya, Samasimba. Ameni.".

Kana usingakwanisi kuwana chizaruro, simudza meso ako utsvake Mwari kuti uwane chizaruro. Ndiyo nzira chete yaunogona nayo kuchiwana. Chizaruro chinotofanira kubva kuna Mwari. Hachimbofi chakauya nokuda kokukwanisa kwenyama, munhuvo zvake, asi nokuda kwokuita koMweya. Unogona kuziva Magwaro ose nomusoro, asi nyangwe zvazvo izvi zvakanakisisa, hazviunzi chizaruro. Chinofanira kutova chizaruro chinobva kuna Mwari. Zvinonzi neShoko hakuna munhu anogona kuti Jesu ndiKristu asi kutoti zvaitwa noMweya Mutsvene. Unototanga wagamuchira Mweya Mutsvene, ndokutozoti chete chete, Mweya uzokupa chizaruro chokuti Jesu ndiye Krstu: Mwari, Muzodziwa.

(Kubva *muKuiswa paChena kwamaZera AmaKereke maNomwe*)

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

SHONA

©1995 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org